



Pou Piblikasyon Imedya: 26/02/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MASSACHUSETTS, DELAWARE AK PÒTORIKO VIN FÈ PATI KOWALISYON “ETA POU SEKIRITE NAN ZAFÈ ZAM” POU KONBAT EPIDEMI VYOLANS AK ZAM

Kowalisyon Plizyè Eta sa a Repezante Plis pase 35 Milyon Ameriken

Massachusetts, Delaware ak Puerto Rico Siyen yon Akò pou Kreye yon Baz Done Plizyè Eta pou Sipleye Sistèm Federal NICS la, ki pa bay Rezilta

Kowalisyon Plizyè Eta sa a pral Pataje Enfòmasyon, Suiv Tras e Entèseptè Deplasman Zam ki Soti nan Lòt Eta, epi Etabli Premye Konsòsyòm Nasyonal pou Rechèch Rejyonal sou Vyolans ak Zam

Jodi a, Gouvènè New York Andrew M. Cuomo, Gouvènè New Jersey Phil Murphy, Gouvènè Connecticut Dan Malloy ak Gouvènè Rhode Island Gina Raimondo te anonse Gouvènè Massachusetts Charlie Baker, Gouvènè Delaware John Carney ak Gouvènè Pòtoriko Ricardo Rosselló ap rantre nan [kowalisyon](#) “Eta pou Sekirite nan zafè Zam” (States for Gun Safety) -- yon patenarya ant plizyè eta yo lanse mwa sa a pou konbat epidemi vyolans ak zam. Avèk adisyon nouvo manm sa yo, kowalisyon eta sa yo repezante kounye a plis pase 35 milyon ameriken, epi li pral pran aksyon pou sispann vyolans ak zam piske gouvènman federal la refize fè anyen.

Massachusetts, Delaware ak Pòtoriko pral vin fè pati yon fòs travay ki gen plizyè eta ladan, pou suiv tras e entèseptè zam ilegal nan rejyon an. Nouvo manm yo ap travay nan tèt ansanm avèk lòt eta pou amelyore ranmasaj ak pataj enfòmasyon, ansanm ak jefò pou fè fas a vyolans ak zam. Eta ki patisipe yo pral rantabilize resous pou ankèt kolektif yo, pou yo kapab drese plan konplè ki byen kowòdone pou fè fas a vyolans ak zam.

Gouvènè Cuomo te deklare, “Li lè, li tan pou masak an mas chokan sa yo k ap fèt nan peyi an depi twò lontan sispann; nou dwe leve kanpe pou travay pou yon chanjman reyèl onivo règleman ki an plas. Leta nou yo pare kolektivman pou adopte lwa sou sekirite zam, ki pi bon pase sa gouvènman federal la gen an plas, e n ap travay ansanm pou pataje enfòmasyon e ankadre ranfòsman, pou zam pa tonbe nan men moun ki poze danje, epi pou pi byen pwoteje kominote nou yo. Si gouvènman federal la refize aji, n ap travay ansanm pou adopte refòm enpòtan fanmi yo merite, e mwen swete eta sa yo labyenveni osen kowalisyon nou an”.

Gouvènè Murphy te deklare, “Manm Kowalisyon Eta pou Sekirite nan zafè Zam eksite dèske Gouvènè Charlie Baker, John Carney ak Ricardo Rosselló vin jwenn nou pou fè pati patenarya sa a. Ansanm, nou ka pran mezi pou pwoteje sitwayen ak kominote nou yo. Yon patenarya ant plizyè eta ka elaji pòte ak enpak lwa sou sekirite nan zafè zam, menm si Kongrè oswa Prezidan an pa aji”.

Gouvènè Malloy te deklare, “Adisyon Massachusetts, Delaware, ak Pòtoriko nan kowalisyon plizyè eta sa a se yon etap enpòtan pou koperasyon rejyonal pou anpeche vyolans ak zam, epi mwen bat bravo pou gouvènè sa yo ki se kolaboratè nan jefò sa a. Masak ki te fè nan Parkland - menm jan tou ak masak ki te fèt nan Las Vegas, Orlando, San Bernardino, Umpqua, Aurora, Sandy Hook, ak anpil lòt ankò - se yon rapèl trajik ke nou dwe rapidman kraze baryè politik epi travay ansanm pou fè kominote, lekòl ak espas piblik nou yo pi an sekirite. Mwen espere ke sa make yon tounan e ke plis eta ap vin rantre nan yon patenarya k ap grandi de jou an jou. Men kan menm, byenke nou kapab fè yon gwo diferans, nou bezwen pou Kongrè pran aksyon reyèl e konkrè si nou serye nan zafè mete fen nan epidemi vyolans ak zam sa a. Nou pa ta menm bezwen di sa, men lavi timoun yo pi enpòtan pase nenpòt ki gwo enterè espesyal. Se moman pou n pase alaksyon”.

Gouvènè Raimondo te deklare, “Gouvènè sou toude bò yo ap met tèt ansanm pou pran mezi kont vyolans ak zam. Nou pa kapab ret tann Washington ankò. Pi bonè jodi a, mwen te siyen yon lòd egzekitif ki te mete sou pye règleman pou sonnen siyal d alam atravè eta a, epi Rhode Island ap kontinye pran mezi aktif pou konbat vyolans ak zam. Lè nou travay ansanm atravè plizyè eta, kowalisyon sa a pral sove lavi. Mwen akeyi MA, DE ak PR osenn kowalisyon nou an”.

Gouvènè Baker te deklare, “Massachusetts kontan pou l rantre nan kowalisyon sou sekirite nan zafè zam nan, pou amelyore mezi kontwòl ki deja an plas nan Commonwealth lan, e mandatè sekirite piblik nou yo ap travay an kolaborasyon avèk lòt eta ak manm kowalisyon yo pou kore jefò pou meyè kominikasyon e pou kenbe kominote nou yo an sekirite”.

Gouvènè Carney te deklare, “Eta yo ap travay ansanm pou adopte mezi k ap pran ka dirèkteman menas vyolans ak zam, epi diminye enpak vyolans sa a sou kominote nou yo. Patenarya sa a ap ede nou pi byen pataje done ant plizyè eta, entèseptè sikilasyon zam ilegal, epi bay lapolis plis zouti pou sispann vyolans anvan menm li rive. Delaware fyè pou rantre nan patenarya sa a, e n ap kontan travay nan yon tèt ansanm”.

Gouvènè Rosselló te deklare, “Nou dwe atire atansyon moun sou lefèt ke gen yon relasyon enkonteste ant mank règleman nan zafè kontwòl zam avèk zak vyolans ak zam ki te fèt resaman, e ki te lakòz inosan pèdi lavi yo e lakòz Nasyon an kanpe pou mande nou pran senten mezi tousuit”.

Massachusetts, Delaware ak Pòtoriko pral travay an tèt ansanm ak senten lòt eta pou pataje enfòmasyon sou moun ki pa gen dwa achte oswa posede zam nan chak eta. Echanj enfòmasyon sa a ap pèmèt ajans lapolis yo konnen si yon moun te eseye achte yon zam oswa yon pèmi nan youn nan eta kowalisyon an. Akò a, konfòmman a pwoteksyon ransèyman prive federal ak nan eta yo, pral bay òganis fòs de lòd eta yo

detay sou acha zam afe oswa refi pèmi pou moun ki diskalifye yo. Yon moun gen dwa diskalifye pou li gen zam afe poutèt plizyè rezon, tankou paregzanp manda arestasyon, òdonans pwoteksyon, pwoblèm sante mantal afeblisan, oswa antesedan kriminèl.

Nouvo eta yo pral vin jwenn New York, Connecticut, New Jersey ak Rhode Island, pou bay sant ransèyman fòs de lòd yo enstriksyon pou yo travay an kolaborasyon pou suiv tras itilizasyon zam ki sòti nan lòt eta epi pataje enfòmasyon pou entèseptè kriminèl k ap travèsè fwontyè eta yo avèk zam ilegal. Kat nouvo sant pataj ransèyman yo se pral Sant Ransèyman Pataje Massachusetts Commonwealth (Massachusetts Commonwealth Fusion Center), Sant Ransèyman Rejyonal Boston (Boston Regional Intelligence Center), Sant Enfòmasyon ak Analiz Delaware (Delaware Information and Analysis Center) ak Sant Enfòmasyon Sekirite Nasyonal Eta Pòtoriko (Puerto Rico National Security State Information Center).

Anplis de sa, eta k ap kolabore yo pral travay ansanm pou deziye yon enstiti edikasyon siperyè pou rantre nan Konsòsyòm Rechèch Rejyonal sou Vyolans ak Zam (Regional Gun Violence Research Consortium), yon gwoup koleksyon done milti disiplinè ki fè rekòmandasyon pou diminye vyolans ak zam. Konsòsyòm revolisyonè sa a pral konble vid entèdiksyon 1996 gouvènman federal la sou itilizasyon fon federal yo pou etidye vyolans ame ki bloke efò rechèch yo toupatou nan nasyon an, tankou paregzanp nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention) ak Enstiti Nasyonal Sante yo (National Institutes of Health).

Apiye sou efò sa yo, eta yo pral travay tou pou pouse gouvènman federal la pou li adopte mezi ki gen sans sou zafè sekirite nan zam afe. Pou pwoteje fanmi yo ak kominote yo toupatou nan rejyon an, gwoup la pral mande gouvènman federal la pou li rapidman pwomilge verifikasyon antesedan inivèsèl, ak entèdiksyon sou zam daso ak yon peryòd datant federal ant acha ak livrezon zam yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)